

## Politik sou Tranzisyon Swen Sante

Nou vle asire nou ke transfè pasyan nou yo, soti nan swen sante pedyatrik/adolesan al nan swen sante adilt, fèt yon san pwoblèm. Nan pwosesis sa a, nou travay avèk pasyan yo ak fanmi yo pou prepare yo pou chanjman kote y ap soti nan modèl swen "pedyatrik" la, kote se paran yo ak moun k ap bay swen yo ki pran pifò desizyon yo, nan direksyon yon modèl swen "adilt", kote se jèn pasyan ki adilt yo ki responsab pou pran desizyon yo. Li enpòtan pou ou konnen ke:

- Lè pasyan nou yo vin adolesan, yon pati nan vizit yo a ap fèt poukонт yo avèk founisè yo. Sa fèt nan lide pou yo vin pi endepandan ak pwòp swen sante yo.
- Lè pasyan nou yo gen 18 lane, daprè lalwa yo vin adilt epi yo konsidere ke yo kapab pran desizyon sou swen sante yo. Nou respekte ke anpil pasyan chwazi kontinye fè fanmi yo ede yo nan desizyon swen sante yo. Men, pou nou kapab diskite sou enfòmasyon sante pèsònèl ak manm fanmi yo fòk pasyan an ban nou konsantman li.
- Jèn ki gen bezwen swen sante espesyal ka bezwen plis tan pou yo transfere yo nan swen pou adilt. Nou ka ede paran yo jwenn plis enfòmasyon sou kesyon gadyen an, si sa nesesè.

Ekip swen an ap ede jèn yo ak fanmi yo prepare yo pou transfere yo kay yon founisè swen sante adilt anjeneral **anvan 22 lane**. Nou pral ede w jwenn yon founisè adilt epi diskite enfòmasyon sou sante pasyan an ak yo ansanm ak bezwen inik pasyan an.

Tanpri pa neglige kontakte nou si w ta gen nenpòt kesyon. W ap jwenn enfòmasyon pou kontakte nou anba a.

### Ekip Swen ou an:

### Nimewo pou kontakte: